



Pou Piblikasyon Imedya: 06/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE \$1 MILYON KE YO AKÒDE ATRAVÈ FON ENVESTISMAN ANTREPRIZ MINORITE AK FI (MINORITY AND WOMEN-OWNED BUSINESS INVESTMENT FUND)

Senk Konpayi k Ap Emèje nan Finger Lakes ak Vil New York Resevwa Finansman pou Ankouraje Inovasyon MWBE (Minority and Women-owned Business Enterprise), Antreprenarya ak Kreyasyon Djòb

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke plis pase \$1 milyon te investi nan senk konpayi ki fèk kòmanse atravè Fon Investisman Antrepriz Komèsyal Minorite ak Fi a. Konpayi sa yo ki baze nan Finger Lakes ak Vil New York, te resevwa tou plis pase \$1.9 milyon finansman kontrepati prive e yo prevwa pou kreye plis pase 115 djòb vè 2018.

Gouvènè Cuomo te di: “Fon investisman sa sipòte inovasyon nan wot teknoloji lè l konekte konpayi sa yo ak resous yo bezwen pou kreye nouvo djòb epi kontinye grandi epi pwospere. Pandan n ap kontinye fè gran pa nan efò nou pou kraze baryè yo epi elaji opòtinite pou MWBE atravè eta sa, nou rete konsantre sou investisman nan yon klima biznis dirab pou sipòte yon New York ki pi solid pou tout moun.”

Fon Investisman MWBE a bay kapital pou sipòte inovasyon, kreyasyon djòb ak gwo kwasans antreprenèchip nan tout New York lè l investi nan MWBE ki sètifye pa Eta a yo. Nan mwa Me 2015 lan, yo te chwazi Excell Partners sou konpetisyon pou jere fon an epi investi nan MWBE k ap kòmanse ki gen potansyèl kwasans enpòtan, prensipalman nan teknoloji k ap emèje.

Benefisyè Fon Investisman MWBE yo se:

Finger Lakes

IMSWorkX, Inc. nan Rochester – \$42,000

IMSWorkX, Inc. devlope solisyon lojisye pou sektè telekominikasyon an.

Molecular Glasses, Inc. nan Rochester – \$100,000

Molecular Glasses, Inc. devlope semi-kondiktè òganik pou OLED ak aplikasyon

elektwonik òganik yo.

Splyce, Inc. nan Rochester – \$500,000

Splyce se yon òganizasyon espò pwofesyonèl k ap fè konpetisyon nan nèf jwèt atravè Amerik di Nò, Ewop, Kore di Nò ak Amerik Latin.

Viggi Kids, Corp. nan Fairport – \$250,000

Viggi Kids konsevwa epi fabrike pwodwi pou timoun ki enspire jwèt kreyatif ak eksplorasyon aktif pandan y'ap aprann.

Vil New York

Kinvolved, Inc. nan Manhattan – \$150,000

Kinvolved, Inc. ede lekòl ak distri yo kontwole prezans elèv yo ak mesaj tèks nan tan reyèl ak paran ak responsab yo.

Prezidan e PDG ESD, Howard Zemsky te deklare: “Investisman Eta New York nan biznis sa yo mete yo sou wout vyabilite ak siksè ekonomik, k ap kreye plis opòtinite pou plis Moun New York. MWBE yo enpòtan anpil pou ekonomi lokal ak ekonomi eta a e nou fyè pou n investi nan yo.”

Fon Investisman MWBE a apiye rekò reyalizasyon opòtinite egal Gouvènè Cuomo k ap bay kontra atravè pwogram eta a ki ankouraje MWBE yo vin sètifye epi ba yo sipò teknik ak sipò finansye. Pwogram sa yo ba MWBE yo zouti ki nesèsè yo pou jwenn pi gwo kontra yo, pwomouvwa kreyasyon travay, rantre sou nouvo mache yo, epi ranfòse ekonomi nou an.

Nan mwa Mas 2014 lan, Gouvènè Cuomo te lanse [pwogram prè “Pon Pou Reyisit” \(“Bridge to Success”\)](#) lan pou investi omwen \$20 milyon pou elaji aksè a prè akoutèm pou pon yo pou MWBE ke Eta New York Sètifye yo. Investisman an bay MWBE ki kalifye yo sipò akoutèm yo bezwen pou gen aksè ak jiska \$100 milyon nan kontra eta a. De (2) ane e demi apre, objektif la depase ak 89 prè ki totalize plis pase \$13.5 milyon k'ap sipòte \$113.6 milyon nan kontra pou MWBE Eta New York yo.

An Fevriye 2012, Gouvènè Cuomo te lanse [Pwogram Asistans Kosyònman Eta New York lan \(New York State Surety Bond Assistance Program\)](#), ki bay asistans teknik ak asistans finansye pou ede MWBE ak ti biznis yo sekirize lyezon kosyònman yo. Depi lè yo te lanse pwogram lan, gen plis pase 445 MWBE ki te gradye nan fòmasyon nivo preparasyon lyezon yo, epi te resevwa plis pase \$61 milyon nan otorite lyezon kosyònman yo kòm yon rezilta fòmasyon Eta New York lan, fasilite kredi yo, ak lyezon kosyònman sipò kolateral yo.

Fon Investisman MWBE apiye estrateji devlopman ekonomik jeneral Gouvènè Cuomo a tou pou ede konpayi ki fenk louvri epi ki gen kwasans rapid yo. Nan Desanm 2014, Gouvènè a te lanse [Fon Kapital Risk Inovasyon Eta New York \(New York State](#)

[Innovation Venture Capital Fund](#)) \$50 milyon a pou sipòte antreprenè kap fè tranzisyon soti nan rechèch pou rantre nan mache a, epi rekonpanse yo pou yo ka rete epi devlope biznis yo nan New York. Fon an te ogmante lotre jou rive \$100 milyon. ESD jere tou pwogram [Innovate NY](#) Eta a, yon kapital risk pou demaraj jiska \$45 milyon pou sipòte inovasyon, kreyasyon dyòb ak antreprenèchip atravè eta a. Pwogram Innovate NY la sipoze leve plis pase \$450 milyon nan envestisman prive anplis pou ti biznis.

Pou kapab aprann plis sou kijan pou vin tounen yon MWBE ke Eta a Sètifye, vizite www.ny.gov/MWBEcertification oswa rele nan (212) 803-2414.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418